

Iltrason Doppler Transkranyen (TCD) **Transcranial Doppler (TCD) Ultrasound** **(Haitian Creole)**

Timoun ki gen maladi drepanositoz gen risk pou yon konjesyon serebral. Doppler (trans-CRANE-ee-ul) Transkranyen (TCD) iltrason an ede prevwa risk sa a. Yon TCD mezire ak ki vites san an ap sikile nan sèvo a (Foto 1).

- Lè san an sikile pi vit pase sal ta dwe, gen yon pi gwo risk pou yon konjesyon serebral.
- Timoun ki gen sèten kalite maladi selil, tankou Hgb SS oswa Hgb S Beta Thalassaemia Zero, ta dwe fè TCD yon fwa pa ane ant laj 2 ak 16 an. Gen kèk timoun ki ka bezwen TCD pi souvan pou tcheke risk yo pi byen.
- TCD yo ede doktè ak founisè swen sante yo konnen si pitit ou a bezwen siveyans konjesyon serebral pi souvan oswa tretman pou evite konjesyon serebral.



Foto 1 Tès la fèt sou pati deyò tèt pitit ou a. Li fèt nan zòn ki alantou zòrèy yo ki rele tanp lan.

Preparasyon pou yon TCD

- Anvan randevou pitit ou a:
 - Di yo kisa yon TCD ye.
 - Yo ka manje ak bwè nòmalman.
 - Pa ba yo okenn medikaman ki ka fè yo gen somèy. Fòk yo byen reveye.

- Ou ka rete ak pitit ou a pandan randevou an. Pandan ke w la:
 - Kenbe pitit ou a reveye epi ede li detann. Sa a pral ede jwenn rezilta pi kòrèk nan TCD an.
 - Pote yon bagay pou pitit ou a li oswa gade (san kas ekoutè).

Kijan yo fè yon TCD

Machin TCD a rete pa deyò kò pitit ou a pandan tès la. Tès la pran apeprè 30 a 60 minit.

- Yon moun ki fè ultrason, yo rele yon sonograf, pral mete jèl sou tèt pitit ou a. Jèl sa a p ap tache rad li. Yo ka siye l fasil.
- Yo pral pase yon ti aparèy, ki rele yon sonde, sou bò tèt pitit ou a ak fwon li (Foto 2).
- Pitit ou a gen poul rete trankil le plis ke posib (Foto 3).



Foto 2 TCD ki mezire vitès sikilasyon san yon timoun.

Aprè Tès la

- Pitit ou a ka retounen nan aktivite ak rejim nòmal li.
- Yo pa ta dwe bezwen okenn medikaman pou doulè apre tès la.
- Ekip drepanositoz lan ap kontaktew pouw jwenn rezilta TCD yo apre tès la.
- Pitit ou a toujou nan risk pou li fè yon konjesyon serebral, menm si yo fè TCD yo regilyèman.

Kilè pou rele 911

Rele 911 pou èd ijans touswit si pitit ou a gen nenpòt sentòm konjesyon serebral.

Sentòm konjesyon serebral pi komen yo:

- | | | |
|------------------------|--------------------------|------------------------------------|
| • Kriz malkadi | • Chanjman nan vizyon li | • Yo pa ka reveyel |
| • Vomisman | • Difikilte poul pale | • Nenpòt feblès oswa pèt sansasyon |
| • Gwo maltèt toudenkou | | |



Foto 3 Yon timoun kouche trankil pandan yap fè tès la sou li.

Swivi

- Randevou pou swivi pitit ou a se (dat) _____ a (lè) _____ nan (kote a) _____.
- Atann ou pouw gen randevou swivi regilye ak doktè oswa founisè swen sante pitit ou a. Rele doktè a si aw pa ale nan kèk randevou oswa si w gen nenpòt kesyon.